



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEKLARASYON DEZAS FEDERAL POU KA
DEBLOKE ASISTANS FEDERAL NAN YWIT KONTE**

***Mande pou Bay Soulajman Finansye bay Gouvènman Lokal Ki Afekte yo Pa
Inondasyon Rapid Mwa Dawout lan***

Gade Lèt Gouvènè a [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a pou gouvènman federal la akòde yon Deklarasyon Dezas Majè (Major Disaster Declaration) pou ywit konte ki te devaste pa inondasyon rapid yo pandan tanpèt grav mwa Dawout lan. Yon Deklarasyon Dezas Majè ta pral abouti a asistans finansye ki soti nan gouvènman federal lan ki ap pèmèt kominote lokal yo kontinye ak rekiperasyon yo. Asistans lan gen ladan finansman pou mezi pwotektris ijans yo, ranmasaj debri, ak reparasyon nan enfrastrikti ak batiman piblik yo.

Uit konte ki enkli nan demann lan se: Broome, Chemung, Chenango, Columbia, Delaware, Schuyler, Seneca ak Tioga.

“Tanpèt sa yo te pote yon gwo devastasyon nan zòn nan, kominote lokal yo te pati san asirans ke yo ta pral rekipere de pèt ak domaj sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan ke eta a kontinye asiste moun New York ki te afekte pa inondasyon mwa pase a, mwen ap egzòte gouvènman federal la pou li rekonèt gravite sityasyon an epi bay finansman ak resous ke kominote sa yo dezespereman bezwen.”

“Zòn yo toupatou nan mond lan ap sibi enpak evènman metewo grav yo ki ap devaste kominote yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Domaj yo koute plizyè milyon dola, sa ki fè li vin menm pi difisil pou rekonstwi epi rekipere nan peryòd apre pasaj yon tanpèt. Nou egzòte gouvènman federal lan pou yo akòde yon Deklarasyon Dezas Majè pou ka bay ywit konte ki te frape pa inondasyon rapid nan mwa Dawout lan asistans finansye pou yo ka kontinye ak efò rekiperasyon yo epi retounen konstwi pi djanm.”

Nan dat 24 Dawout la, Gouvènè Cuomo te mande yon Evalyasyon Domaj Preliminè Konjwen (Joint Preliminary Damage Assessment) kote ekip ekspè federal ak leta yo te fè estimasyon plis pase 36 milyon dola nan depans pou reparasyon enfrastrikti, depasman debri, ak domaj estrikti yo kòm yon rezilta tanpèt sa yo.

Pwogram asistans piblik (Public Assistance Program) FEMA ofri ranbousman pou gouvènman lokal yo apre prezidan an te fin deklare yon katastwòf pou aktivite yo tankou retire debri, mezi pwoteksyon nan ka ijans, reparasyon ak rekonstriksyon enfrastrikti piblik ki te andomaje tankou wout, lekòl pon, pak, lopital, estasyon lapolis, ponpye, etablisman dlo ak tretman dlo sal ak lòt etablisman piblik yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Roger L. Parrino, Sr., te di, “Demann Gouvènè Cuomo pou asistans federal la li esansyèl pou pwosesis rekiperasyon yo, epi li pral yon etap krisyal nan ede kominote sa yo rekonstwi lavi yo apre tanpèt sa yo. Mwen rekonesan pou patenarya ak FEMA a epi mwen enpasyan travay ansanm ak patnè lokal ak federal nou yo pou fè rekiperasyon kominote sa yo”.

Enfòmasyon ki soti nan Sèvis Metewo Nasyonal la endike ke rejyon sa yo te resevwa ant 10 a 20 pous lapli pandan peryòd 30 jou a kòmanse apati 22 Jiyè 2018. Tanpèt mwa Dawout yo nan fen peryòd sa a te pwodwi gwo lapli ki ap tonbe, inondasyon rapid, ak gwo van, epi ki konbine ak tèren ki satire yo pa peryòd sa ki imid yon fason anòmal, ki te pwodwi domaj konsiderab atravè rejyon Finger Lakes ak Konte Columbia.

Pandan gwo anplè tanpèt lan, wout yo te vin enpratikab akòz inondasyon yo ki te anglouti divès wout, pon ak kanivo yo ki ap lakòz domaj ki klase soti depi nan ewozyon akotman otowout yo ak domaj nan pon yo, pou rive nan destwiksyon total kanivo ak otowout yo. Entèripsyon kouran ki toupatou yo te afekte plis pase 1,500 kay ak biznis ki nan zòn nan. Sekouris Eta ak lokal yo te fè sovtaj epi yo te evakye plis pase 200 moun soti nan tèren kan yo ki nan rejyon Finger Lakes.

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou efò pou prevni, pwoteje kont, prepare pou, pote reponn a, epi rekipere apre atak teworis yo, katwastwòf natirèl ak sa moun lakòz yo, ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#) la, swiv [@NYSDHSES](#) sou [Twitter](#) ak [Instagram](#), oswa ale sou dhses.ny.gov

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)